# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

त्रिस्तरीय सुरक्षा घेरा के बिच्चे प्रदेस क अस्सी लोकसभा सीटिनि क चुनाव अउर चारि विधानसभा सीटिनि के उप चुनाव के परिणाम बदे आजु भिन्नहीं आठ बजे से मतगणना सुरू भइल। अन्तिम समाचार मिलले तक प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वाराणसी संसदीय सीटि पर जीति हासिल कइ लिहले हवें। उनके छौ लाख बारह हजार नौ सौ सत्तर ओट मिलल हउवे। अन्तिम रूझान के मोताबिक प्रदेस के अस्सी सीटिनि में से भारतीय जनता पारर्टी तीनि सीटि जीति लिहले रहे अउर अट्ठाइस सीटिनि पर बढ़त बनवले बाटे। समाजवादी पारटी अड़तीस सीटिनि पर आगे चलि रहलि हउवे। कांग्रेस पारटी एक सीटि जीति लिहले हउवे अउर छौ सीटिनि पर आगे चलि रहल हउवे। राष्ट्रीय लोकदल दुइ सीटि पर अउर अपना दल एक सीटि पर आगे चलि रहल हवे। ददरौल अउर लखनऊ पूरबी विधानसभा सीटि पर भारतीय जनता पारटी जबकि दुद्धी अउर गैसड़ी विधानसभा सीटि पर समाजवादी पारटी क ओम्मेदवार बढ़त बनवले हवें।

चुनाव आयोग आधिकारिक घोसणा करत बतवले हवे कि वाराणसी लोकसभा सीटि पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपने निकटतम इण्डिया गठबंधन क ओम्मेदवार अजय राय के एक लाख बावन हजार पांच सौ तेरह ओटि से हरा दिहले हवें।

ओहीं, सीतापुर लोकसभा सीटि पर कांग्रेस ओम्मेदवार राकेश राठौर अपने निकटतम भारतीय जनता पारटी क ओम्मेदवार राजेश वर्मा के नवासी हजार छौ सौ एकतालीस मतन से हरा दिहले हवें। कैसरगंज सीटि पर भाजपा ओम्मेदवार करण भूषण सिंह एक लाख अड़तालीस हजार आठ सौ तैंतालीस ओटन से चुनाव जीति लिहले हवें। आजाद समाज पारटी कांशीराम क नेता चन्द्रशेखर नगीना संसदीय सीटि से एक लाख एक्यावन हजार चारि सौ तिहत्तर ओट से जीति हासिल कइले हवें।

आयोग के मोताबिक भाजपा के प्रमुख नेता लोगिन में लखनऊ से रक्षामंत्री राजनाथ सिंह, मेरठ से फिल्म स्टार अरूण गोविल, गौतमबुद्धनगर से डॉक्टर महेश शर्मा, आगरा से प्रोफेसर एसपी सिंह बघेल, पीलीभीत से जितिन प्रसाद, डुमरियागंज से जगदम्बिका पाल, महराजगंज से पंकज चौधरी अउर गोरखपुर से रवि किशन बढ़त बनवले हवें।

सपा क प्रमुख नेता लोगिन में मैनपुरी से डिम्पल यादव, कन्नौज से अखिलेश यादव अउर आजमगढ़ से धर्मेन्द्र यादव आगे चलि रहल हवें। कांग्रेस पारटी के रायबरेली से राहुल गांधी आगे चलि रहल हवें जबकि अमेठी से किशोरी लाल, भाजपा क वरिष्ठ नेता स्मृति ईरानी से आगे चलि रहल हवें।

**********

संसदीय चुनाव दुइ हजार चउबीस के मतगणना के रूझान के देखत प्रमुख राजनीतिक दलन क वरिष्ठ नेता लोगि आजु दिन में आपन–आपन प्रतिक्रिया दिहलें। भारतीय जनता पारटी क महासचिव तरूण चुग बिस्वास जतवलें कि भाजपा के अगुआई में एनडीए सत्ता में बनल रही। नई दिल्ली में आकाशवाणी समाचार से बतियावत उहां के कहलीं कि मतगणना पूरा भइले पर भारतीय जनता पारटी निस्चित रूप से विजयी होई। ओहीं, कांग्रेस नेता रागिनी नायक बिस्वास जतउलिनि कि आईएनडीआई गठबंधन जियादे सीटि जीति अउर लोकसभा चुनाव में विजयी होई। आकाशवाणी समाचार से बतियावत उहां के कहलीं कि एनडीए गठबंधन सरकार बनावे खातिर जरूरी दुइ सौ बहत्तर सीटिनि क आंकड़ा पार नाहीं कइ पाई। ओहीं, समाजवादी पारटी अपने कार्यकरता लोगिन से सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये कहलस कि उनकर पारटी अउर इण्डिया गठबंधन भारी मत से आगे हवे अउर ऊ लोगि चुनाव जीति रहल हवें। पारटी अपने पदाधिकारियन अउर कार्यकरता लोगिन से अपीलि कइलस कि ऊ लोगि जीति क प्रमाण पत्र लिहले के बदहीं मतगणना केन्द्र से बहरे निकरें।

**********

कांग्रेस क वरिष्ठ नेता जयराम रमेश मतगणना के समय प्रदेस क महराजगंज, बांसगांव, मेरठ अउर मुजफ्फरनगर के जिलाधिकारियन के फोन कइ के मतगणना के परभावित कइले क आरोप लगवले हवें। उहां के येह सम्बन्ध में एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये कहलीं कि एइजा के अधिकारियन पर दवाब डारि के सीटि जितवले क कोसिस कइल जा रहल हवे। एहसे पहिलहूं ऊ गृहमंत्री अमित शाह पर मतगणना के परभावित कइले क आरोप लगा चुकल हवें। येह बारे में निर्वाचन आयोग की ओरि से साक्ष्य मंगले पर उहां के काल्हि एक हप्ता क समय दिहले क अनुरोध कइले रहलीं, जवने के आयोग खारिज कइ दिहले रहे।

**********

पछिला चउबीस घंटा में पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, बलरामपुर अउर बस्ती जिलन के सथहीं पच्छिमी उत्तर प्रदेसो के कई गो जिलन में हल्लुक से ले के मध्यम बरखा भइल। बरखा के नाते कई दिन से पड़ि रहल भीसण गरमी अउर लुह के परकोपो से थोड़े देर खातिर राहति मिलल। पीलीभीत जिला में काल्हि आधी राति के तेज बेयारि के साथे बरखा भइल। ओहीं सहारनपुर जिलो में काल्हि राति गरज–चमकि के साथे भइल बरखा से लोगिन के गरमी से तनी राहति मिलल। येह बिच्चे मौसम विज्ञान विभाग बिहने प्रदेस के कई जिलन में लुह चलले क अनेसा जतवले हवे। विभाग के मोताबिक बिहनहूं कुछु जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बरखा हो सके ला।

**********